



Pou Piblikasyon Imedya: 24/01/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

DEKLARASYON GOUVÈNÈ HOCHUL SOU DISKOU MAJISTRA ADAMS LAN SOU SITIYASYON VIL LA

"Jodi a, Majistra Adams te prezante yon seri lide odasye ki pral fè avanse vizyon pataje nou pou nou gen yon New York ki pi abòdab, pi vivab ak pi an sekirite.

Majistra a ak mwen menm mete tèt nou ansanm nan batay la pou nou rezoud kriz aksesibilite nou an lè nou ogmante kantite lojman yo. Jan Majistra Adams te di sa jodi a: Vil la vle plis lojman – li lè pou nou kite yo konstwi! Mwen te pran angajman pou m batay pou gen chanjman lejislatif nan Albany ki pral pèmèt li fè egzakteman sa.

Aksan Majistra Adams mete sou pwoblèm fanmi k ap travay New York yo fè fas se yon bagay ki louwab tou. Mwen pataje preyokipasyon li sou zafè rezo sosyal ki gen yon enpak negatif sou twòp jèn yo epi mwen kontan wè l ap aji pou pwoteje sante mantal yo. Travay majistra a pou anile 2 milyon dola nan dèt medikal pral chanje tou lavi Nouyòkè k ap travay yo epi konsèy finansye pral ede pasyan yo evite dèt la an premye.

Nou te devlope yon patenarya ki solid, pwodiktif pandan de ane pase yo, nan travay ansanm pou konbat krim, konstwi lojman ak fè fas ak kriz migran an. Lè nou travay ansanm, n ap asire yon meyè avni pou New York."

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voyer tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)